



Pou Piblikasyon Imedya: 18/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE NOUYÒKÈ YO PRAN GWO PREKOSYON PANDAN YO AP VWAYAJE PASKE YON TANPÈT IVÈ PRAL AFEKTE NEW YORK JISKA VANDREDI SWA**

*Rejyon Vil New York, Long Island, Mid-Hudson ak Southern Tier yo kapab obsève jiska 8 pous nèt dis vandredi*

***Nou ankouraje Nouyòkè yo pran anpil prekosyon akòz kondisyon vwayaj ki danjere yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te raple Nouyòkè yo jodi a pou yo pran anpil prekosyon lè yo ap vwayaje pandan pwochen 48 èdtan yo kòm yo prevwa yon sistèm tanpèt ivè ap kreye kondisyon ki danjere sou wou yo. Malgre li pèdi fòs pandan li te ap deplase nan direksyon nòdès la, yo toujou prevwa sistèm lan ap mennen jiska 8 pous nèt nan kèk pozisyon atravè rejyon Southern Tier, Mid-Hudson, Vil New York ak Long Island yo dis vandredi. Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan epi limite vwayaj yo dekwa pou operatè chasnèt yo kapab netwaye an tou sekirite nèt ak glas yo san yo pa enkyete pou ankonbreman nan sikilasyon an.

"Ofisyèl jesyon ijans New York yo ap swiv tanpèt aktyèl sa a depi plizyè jou kounye a, epi pandan li sanble ke li te diminye nan fòs li a, li toujou genyen potansyèl pou kreye kondisyon vwayaj ki danjere, espesyalman nan rejyon sid Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ekip wout New York yo san parèt epi yo pral fè djòb la - yo jis bezwen espas pou yo travay. Kidonk, pandan nèt la ap kontinye entansifye, Nouyòkè yo ta dwe fè tout sa ki depann de yo pou evite vwayaj ki pa nesèsè, epi si ou dwe kondi ale yon kote, tanpri fè sa an tout sekirite jan sa posib epi asire nou bay chasnèt yo espas yo bezwen an."

Nèt lejè deja kòmanse nan kèk pati nan rejyon Southern Tier, Mid-Hudson, Vil New York ak Long Island yo epi li pral pwopaje nan direksyon nò byen ta apre midi pou rive aswè a, li ap kontinye pwodwi peryòd nèt nan vandredi. Yo prevwa pi gwo chit nèt la nan sid koridò Entèeta (Interstate) 90 la avèk nèt ki lejè ki ap kontinye vandredi avan li diminye nan apre midi. Rès Eta a ta dwe obsève yon pousyè rive nan kèk pous nèt letan pou sistèm lan sòti nan Eta a nan vandredi. Tanperati yo ta dwe rete ozalantou oswa anwo nòminal la pou pifò Eta a avèk rafal van konstan jiska 32 kilomèt pa èdtan pafwa.

Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la.

## **Preparasyon Ajans**

### **Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan**

Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center) Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la rete aktive akòz pandemi COVID-19 la epi li pral siveye depre kondisyon meteyowolojik yo, kowòdone operasyon entèvansyon Eta a epi li pral rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Estòk Eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

### **Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)**

Depatman Transpò Eta a pare pou li entèvni avèk plis pase 3,600 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a. Pou sipòte evènman ki pran 1,599 gwo kamyon chasnèj pou nèj ak glas ki ap vini an, Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la ap voye 76 operatè anplis ki soti nan rejyon nò yo pou aktive rezèv chasnèj yo sou wout priyorite yo nan sid Mid-Hudson ak Long Island. Anplis, NYSDOT a ap plase sèvis remòkaj yo sou koridò moun vwayaje anpil yo pou asire ke yo netwaye zòn aksidan yo rapidman epi an tout sekirite.

NYSDOT a ap kowòdone tou avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la ak Depatman Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Department of Parks, Recreation and Historic Preservation, DPRHP) la pou plase ekip siyè yo an rezèv nan rejyon Mid-Hudson, Southern Tier ak Long Island pou netwaye pye bwa ki tonbe yo epi retire yo rapidman nan otowout Eta a yo. Pano mesaj Varyab (Variable message signs) yo pral ankouraje otomobilis yo evite vwayaje sòf si sa absoliman nesèsè.

Depatman an genyen resous sa yo disponib pou evènman nèj ak glas ki ap vini an:

- 313 gwo chajè
- 174 chasnèj mwayen
- 80 kamyon dechiktez
- 52 remòk chasnèj
- 38 aparèy pou soufle nèj
- 36 platfòm tou trafik
- 18 nivlez
- 14 kamyon nasèl pou ekip pou netwaye pye bwa yo
- 11 kamyon ak chasnèj

### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Otorite Thruway la gen 690 sipèvizè ak operatè ki pare pou entèvni avèk 247 gwo chasnèj, 106 chasnèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 62 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 117,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la. Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

### **Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal**

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèkansyon ijans.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi yap swiv depre kondisyon meteyowolik ak enpak yo. Inite motonèj Lapolis Pak Eta (State Park Police) ak ekip Siyè pak (park Sawyer crews) la prepare pou asiste nan entèkansyon kont tanpèt la. Vizitè pak yo dwe tcheke [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)**

Sèvis piblik New York genyen apeprè 5,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèkansyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka fè fas ak pi gwo enpak yo.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a prè pou yo deplwaye Ajan Patwouy adisyonèl jan sa nesèsè nan zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo tankou veyikil kat-pa-kat, motonèj, ak veyikil itilite yo (Utility Terrain Vehicles, UTV), deja an pozisyon epi yo prè pou yo entèvini imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

### **Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation**

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo te fè preparasyon pou move tan yo prevwa a pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prepare pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesèsè.

### **Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)**

Otorite Transpò Metwopoliten ap siveye kondisyon meteyowolojik yo deprè pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo pral pare pou pwopaje sèl ak netwaye platfòm ak eskalye nèj ak glas yo, kenbe siyal, entèripte, twazyèm ray ap fonksyone. Kliyan yo ankouraje tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta, Metro-North Train Time ak Long Island Rail Road Train Time.

### **Otorite Pòtyè (Port Authority)**

Otorite Pòtyè ap egzòte vwayajè nan lokal li yo pou pran prekosyon pandan tanpèt la. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè ayewopò yo, tèminal bis la, ak estasyon bis Otorite Pòtyè a pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo.

### **Konsèy sou Sekirite Ivè**

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwochè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen

plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)